

Byenveni nan ADMISYON G&T!

Aplike avan

delè 9 avril

2021

Pwogram G&T yo ofri enstriksyon akselere pou elèv lekòl primè ki elijib nan Vil Nouyòk.

► Kiyès ki ka aplike?

Tout fanmi nan Vil Nouyòk ki gen timoun ki fèt an 2016, ladan moun ki te kite tanporèman Vil Nouyòk pandan pandemi COVID-19 la, ka aplike pou pwogram G&T-kindergarten ane sa a. Admisyon G&T ouvè pou tout elèv nan distri lekòl leta oswa lekòl charter, ak elèv ki nan lekòl prive oswa lekòl pawasyal. Tout pwogram G&T fèt pou akeyi ak sèvi tout elèv ki elijib ladan timoun ki gen bezwen aksè pou chèn woulant, timoun ki gen andikap, timoun ki pale yon lang ki pa lang Anglè ak timoun ki nan lojman tanporè. Tout fanmi, kèlkeswa estati imigrasyon yo, ka aplike.

Tanpri sonje: Aplikasyon ane sa a se sèlman pou timoun k ap antre nan Kindergarten nan Otòn 2021 lan. G&T ofri pwogram pou timoun k ap antre nan klas premye, dezyèm oswa twazyèm ane ke yo pral pran nan lis datant ane dènye a.

► Aprann plis enfòmasyon nan yon sesyon enfòmasyon vityèl nan mwa mas

Patisipe avèk nou nan yon sesyon pou aprann kòman pou aplike ak jwenn plis enfòmasyon sou pwogram G&T. Pral gen chans pou poze kesyon. Gade dat, lè sesyon presi, ak enfòmasyon sou entèpretasyon nan schools.nyc.gov/GT.

► Aplike avan delè 9 avril la!

Nan aplikasyon pitit ou a, ou ka aplike nan 12 pwogram G&T ki enterese w. Asire w pou klase yo nan vrè lòd preferans ou, kote w ap mete pwogram ou pi renmen an kòm #1. Apresa, voye aplikasyon w lan ale. Gen twa fason posib pou voye aplikasyon w lan avan delè 9 avril la:

- Sou entènèt nan MySchools.nyc.gov,
- Atravè Sant byenveni pou fanm (Family Welcome Center)—aprann kòman pou aplike nan schools.nyc.gov/FWC, oswa
- Nan telefòn nan **718-935-2009**.

► Kisa k ap rive apre w fin aplike


Pwogram oswa fòm nominasyon DOE

- Pou elèv ki nan Pre-K for all kounye a. Apre w fin voye aplikasyon pitit ou a, pwofesè nan pwogram oswa lekòl pre-K w pral detèmine si pitit ou an elijib pou antre nan yon lotri oaza pou yon plas G&T, epi yo pral ranpli yon fòm nominasyon.
- Pou timoun ki pa nan Pre-K for All kounye a. Apre w fin voye aplikasyon pitit ou a, nou pral ankouraje w pou enskri pou yon plas pre-K. Si w fè sa, nouvo pwogram pitit ou a pral detèmine elijiblite l dapre yon ti entèvyou adistans. Si w pa chwazi pou enskri pitit ou a nan pre-K, donk, Ekip Early Childhood la pral detèmine elijiblite a, dapre yon ti entèvyou adistans tou.

Avi elijiblite

Kòmnanse nan fen prentan an, nou pral kominike avèk tout fanmi ki te voye yon aplikasyon ale pou fè yo konnen si pitit yo elijib pou admisyon G&T ane sa a. Yo pral konsidere konsa tout timoun ki elijib pou jwenn plas G&T.

Rezilta ak òf

Ete sa a, fanmi timoun ki elijib yo pral resevwa yon lèt rezilta G&T. Lèt sa a ka gen ladan yon òf pwogram G&T, ansanm avèk tout enfòmasyon sou lisdatant. Lekòl yo jere pwòp lisdatant yo epi bay lòt òf dapre kantite plas ki disponib. Si w jwenn yon òf oswa òf sou lisdatant, asire w pou aksepte l avan delè yo bay pou kenbe plas timoun ou an. Ou ka aksepte yon òf atravè  **MySchools.nyc**, lè w kontakte pwogram lan dirèkteman, oswa voye yon imèl nan **ESEnrollment@schools.nyc.gov**.

Rete an kontak!

Enskri sou lis imèl G&T nou an. Nou pral voye enfòmasyon, mizajou, ak rapèl delè konsènan admisyon G&T.

T&I 32488 (Haitian Creole)



[Schools.nyc.gov/GT](https://schools.nyc.gov/GT)



schools.nyc.gov/SignUp



718-935-2009

NYC Department of Education